



Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl

Nimewo Politik: RP-26-12

Dat Li Pibliye: 8 Jiyè, 2026

Dat Li an Vigè: 17 Novanm, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Rezidansyèl Ki Gen Lisans

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) angaje l pou sipòte pwogram rezidansyèl yo pandan y ap kreye yon eksperyans lavi ki an sekirite ak konfòtab pou rezidan yo. Anviwònman fizik yo afekte dirèkteman sante, sekirite ak byennèt rezidan yo, epi EEC atann pwogram yo pran mezi pwoaktif pou idantifye epi rezoud pwoblèm etablisman yo anvan yo vin yon danje.

Pou asire rezidans yo apwopriye, EEC egzije ke pwogram rezidansyèl yo swiv estanda etablisman fizik ki etabli nan 606 CMR 3.08. Pwogram yo responsab pou demontre regilyèman konfòmite ak egzijans sa yo pandan vizit lisans yo, epi pou kenbe yon Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl, jan sa dekri pi ba a. EEC pral revize konfòmite kòm yon pati nan sipèvizyon regilye li sou tout pwogram rezidansyèl ki gen lisans.

OTORITE

- 606 CMR 3.03(7)(e)(13): Tout aplikasyon yo dwe akonpaye pa... politik ak pwosedi ki gen rapò ak antretyen etablisman fizik pwogram nan, an akò ak politik Depatman an epi ki an konfòmite ak egzijans 606 CMR 3.08;
- 606 CMR 3.08: Plant Fizik ak Ekipman

DEKLARASYON SOU POLITIK LA

Egzijans Sekirite ak Antretyen pou Etablisman an

Pwogram rezidansyèl yo dwe asire ke bilding yo ak teren yo kenbe pwòp, an sekirite, epi ijyenik, dapre 606 CMR 3.08. Sa ki annapre yo se rezime zòn pou yo fokis yo nan 606 CMR 3.08 (pwogram yo ta dwe konsilte règleman yo dirèkteman pou tèks konplè ak kondisyon detaye).

1. Enspeksyon Obligatwa: Kenbe dokiman enspeksyon aktyèl pou bilding, sante, ak asire sekirite si gen dife ki demontre konfòmite ak kòd bilding Massachusetts ki aplikab yo ak règleman Depatman Sante Piblik la.
2. Pwogram Sekirite: Kreye, antretni, epi fòme anplwaye yo sou politik, plan ak pwosedi pou preparasyon an ijans.
3. Sibstans Toksik: Sere sibstans toksik yo nan yon espas ki fèmèn kote rezidan yo pa gen aksè.
4. Penti: Asire w ke tout bilding ki gen timoun ki poko gen sis ane pa gen okenn vyolasyon penti plon toksik, dapre règleman Depatman Sante Piblik Massachusetts.
5. Bildin ak Tèren: Kenbe bildin yo, tèren yo, zòn rekreyasyon yo, ak ekipman yo pwòp, san danje, epi an konfòmite ak lòd yo.
6. Etablisman fizik/Baryè Achitekti: Asire rezidan ki gen mobilite limite gen aksè a tout espas ki nesèsè, epi ke chak bildin gen omwen yon antre aksesib pou chèz woulant.
7. Inite/Lojman Vivab: Kenbe etablisman rezidansyèl yo pwòp ak an sekirite, ki gen ase limyè, vantilasyon, mèb, espas depo pèsònèl, espas nan chanm, dra kabann, depo sekirize pou bagay ki gen valè, ak espas pou viv.
8. Etablisman pou Benyen ak Twalèt: Bay etablisman twalèt ki pwòp, ijyenik, aksesib, ak byen vantile, ak ase twalèt, lavabo, basen/douch, dlo cho ak frèt, karakteristik pou vi prive, mezi sekirite, ak espas depo pèsònèl.
9. Kwizin ak Etablisman Manje: Kenbe kwizin SSak etablisman manje yo pwòp, an sekirite, san danje, epi byen ekipe ak espas depo manje apwopriye, mèb, zouti, ak depo ki an sekirite pou objè ki byen file.

Lis Verifikasyon pou Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl

Dapre 606 CMR 3.03(7)(e)(13), pwogram rezidansyèl yo dwe devlope epi kenbe yon Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl pou sipòte antretyen bilding

yo ak teren yo. Lis verifikasyon sa a dwe adrese *tout* zòn 606 CMR 3.08 ki mansyone pi wo a.

Administratè pwogram yo, oswa moun yo nonmen, responsab pou enspekte etablisman yo epi ranpli, siyen ak ekri dat lis verifikasyon an chak mwa. Pwogram yo dwe mete lis verifikasyon an disponib pou anplwaye EEC yo sou demann.

GID NOU SIJERE

Pwogram rezidansyèl yo ka itilize swa Modèl Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl ke EEC bay la (gade seksyon "Enfòmasyon Adisyonèl") oswa yon lis verifikasyon yo kreye poukont yo. Kèlkeswa fòm a, lis verifikasyon an dwe klèman adrese tout egzijans ki site anba 606 CMR 3.08.

KONFÒMITE

Anplwaye EEC ka evalye konfòmite lè yo revize Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen Etablisman Rezidansyèl yon pwogram ak nenpòt dokiman ki gen rapò ki egzije anba 606 CMR 3.03 ak 606 CMR 3.08. Yon lòt evalyasyon konfòmite ka fèt pandan vizit lisans EEC yo ak enspeksyon fizik etablisman yo.

ENFÒMASYON ADISYONÈL

- [Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen pou Etablisman Rezidansyèl EEC](#) – MS Word
- [Lis Verifikasyon Sekirite ak Antretyen pou Etablisman Rezidansyèl EEC](#) – PDF